A Nguva yematenda ekupedzisira. Zvakazarurwa 15.

- ❖ Munhu wese pasi pano akava nemukana wekusarudza kunamata Mwari kana chikara.Johani anoona vakakurira,avo vakatambira Mwari
- ❖ Chiitiko chinoshanduka kuitirwa mudenga (v. 5). Tebhenekeri inobuditsa utsi (Ex. 40:34-35; 1K. 8:10-11). Basa rekuyananisa mu Senjuwari yekudenga rapera.Nguva yenyasha yasvika kumagumo.

B Matenda ekutanga. Zvakazarurwa 16:1-11.

- ❖ Matambudziko aya akafanana neayo akaitika ku Ijipita.Anoratidza kuoma kwemoyo yeavo vakafunga kunamata chikara (v. 2 - 9), uye Satani uyo asina samba rekudzivirira vanomunamata (v. 10-11).
- ❖ Mushure mematuso anoparadza ematenda mana ekutanga,pasi rinotarisa kuchikara rochikumbira rubatsiro. Asi chikara hachikoni kuvabatsira(chigaro chacho chazadza nedima mukutsanangura uri mufananidzo).

C Denda rechitanhatu.

- ❖ **Rwizi Yufuretisi rwunopwa. Zvakazarurwa 16:12.**
  - — Rwizi Yufuretisi rwakapwa zvechaizvoizvo apo Bhabhironi rekare rakakurirwa na Sairasi.
  - — Hupapa haugoni kubatsira vanhu,nokudaro rinotarisira kuti vaipikisa dzidziso dzechi Katurike vakatsauka vabatsire.Pakupedzisira,vose vanotadza kutsigirwa nevanhu uye yave nguva yekuti Jesu adzoke kutora vake (v. 15).
- ❖ **Mashoko matatu ehusatani. Zvakazarurwa 16:13-14.**
  - — Satani anotumira mashoko matatu anopikisa asi achifanirwa kumiririra mashoko engirozi nhatu ari muna Zvakazarurwa 14.Kuti adaro,anoshandisa zvemweya(shato),hupapa(chikara) uye vaisateera dzidziso dzechi Katurike vakatsauka(muporofita wenhema).
  - — Panguva iyo, Mwari atobvisa Mweya Mutsvene wake mune avo vakaramba kumutambira.Vachanyengerwa nezviratidzo zva Satani neminana yake,uye vachadzokera kwaari (wona 1 VaTesaronika 2:11-12).
  - — Kuguma kwave pedyo: “Tarira ndinouya sembavha” (v. 15). Satani anorwisa kekupedzisira.
- ❖ **Hondo ye Amagedhoni. Zvakazarurwa 16:15-16.**
  - — Amagedhoni zvinoreva “gomo re Megiddo” muchi Hebhuru. Hapana nzvimbo ine zita iri,asi pane nzvimbo ku Parasitina inonzi “Megiddo.”
  - — Mukurwisa kwekupedzisira uku,Satani anoedza kuparadza vanhu vanoramba vakatendeka kuna Mwari. ***Takugadzirira kuramba takatendeka muhondo yekupedzisira iyi apo tinoramba takatendeka mumiyedzo yatinosangana nayo zvino.***
  - — Kurwiswa uku kuchamiswa kuenderera mberi nedenda rechinomwe(v. 17-21). Zvichaitika chinguva chishoma“tariro inofadza, nokuʋonekwa kwokubginya kwaMŋari mukuru, noMuponesi weđu, Kristu Jesu.” (Tito 2:13) kusati kwaitika.